ҚАРАҚАЛПАҚСТАН РЕСПУБЛИКАСЫ ҚАРАӨЗЕК РАЙОНЫ ҲӘКИМИНИҢ ШЕШИМИ		ҚОРАҚАЛПОҒИСТОН РЕСПУБЛИКАСИ ҚОРАЎЗАК ТУМАНИ ҲОКИМИНИНГ ҚАРОРИ
Қараөзек посёлкасы	№836/11	«9» - ноябрь 2017-жыл

Социаллық қорғаўға мүтәж ҳәм жумыс табыўда қыйналып атырған шахсларды жумысқа орналастырыў ушын жумыс орынларын 2018-жыл ушын бәнт етип қойыў ҳаққында

Өзбекистан Республикасының “Халықты жумыс пенен тәмийинлеў ҳаққында”ғы Нызамы (Ўзбекистон Республикаси Олий Мажлиси Ахборотномаси, 1998 йил 5-6-сон, 97-модда)ның 17-статьясы, “Өзбекистан Республикасында нәгиранларды социаллық қорғаў ҳаққында”ғы Нызамы (Ўзбекистон Республикаси Қонун ҳужжатлари тўплами, 2008 йил 29-30-сон, 277-модда)ның 25-статьясы, Өзбекистан Республикасы Министрлер Кабинетиниң 2008-жыл 20-августтағы 186-санлы қарары менен тастыйықланған “Социаллық қорғаўға мүтәж ҳәм жумыс табыўда қыйналып атырған шахсларды жумысқа орналастырыў ушын жумыс орынларын бәнт етип қойыў тәртиби ҳаққындағы Реже” (Ўзбекистон Республикаси Қонун ҳужжатлари тўплами, 2008 йил 34-сон, 333-модда)ге тийкарланып, социаллық қорғаўға мүтәж ҳәм жумыс табыўда қыйналып атырған шахсларды жумысқа орналастырыў ушын Қараөзек районында 2018-жыл ушын жумыс орынларын бәнт етип қойыў мақсетинде,

Ш Е Ш И М Е Т Е М Е Н:

1. Озбекистан Республикасының “Халықты жумыс пенен тәмийинлеў ҳаққында”ғы Нызамының 17-статьясына тийкар социаллық қорғаўға мүтәж ҳәм жумыс табыўда қыйналып атырған шахсларды жумысқа жайластырыў ушын райондағы кәрханалар, шөлкемлер ҳәм мәкемелер ушын жумысшылардың дизим бойынша орташа санынан 963 адамды қурайтуғын 7,0 пайыз муғдарында, сол есаптан:

а) нәгиранлар ушын 3,0 пайыз - 3 адам;

б) 14 жасқа толмаған балалары ҳәм нәгиран балалары бар жалғыз ҳәмде көп балалы ата-аналар ушын 31,3 пайыз – 21 адам;

в) билимлендириў мәкемелерин тамамлап атырған жаслар ушын 37,3 пайыз – 25 адам;

г) мүддетли әскерий хызметтен босатылғанлар ушын 7,5 пайыз 5 адам;

д) районлық Бәнтликке көмеклесиў орайында жумыс излеўши сыпатында есапта турған пенсия жасына жақынласып қалған шахслар ушын 3,0 пайыз - 2 адам;

е) жазаны орынлаў мәкемелеринен азат етилген, жазаны өтеп атырған яки суд қарарына тийкар медициналық характердеги мәжбүрий шаралар көрилген шахслар ушын 6,0 пайыз - 4 адам;

ж) басқалар ушын 10,4 пайыз 7 адам, сол есаптан мобилизациялық шақырыў резервине киритилген шахслар 2 адам, киши жастағы балалары болған ислемейтуғын ҳаяллар 1 адам, әтираптағылар ушын қәўипли болмаған социаллық әҳмийетли кеселликлер менен наўқасланған шахслар ушын 2 адам муғдарында, адам саўдасынан жәбирленгенлер ушын 2 адам муғдарында жумыс орынлары резерви белгиленсин.

2. 2017-жылда социаллық қорғаўға мүтәж ҳәм жумыс табыўда қыйналып атырған шахсларды жумысқа орналастырыў ушын жумыс орынларын 2018-жыл ушын бәнт етип қойыў лазым болған кәрханалар дизими 1-қосымшаға, социаллық қорғаўға мүтәж ҳәм жумыс табыўда кыйналып атырған шахсларды жумыска орналастырыў ушын жумыс орынларын 2018-жыл ушын бәнт етип қойыўды ҳәм оларды жумыс пенен тәмийинлеўди шөлкемлестириў бойынша арнаўлы комиссия қурамы 2-қосымшаға муўапық тастыйықлансын.

3. Кәрхана, шөлкем ҳәм мәкемелер басшыларына социаллық қорғаўға мүтәж ҳәм жумыс табыўда қыйналып атырған шахсларды жумыс пенен тәмийинлеў ушын 2017-жыл жуўмақланыўынан 10 күн алдын квота жумыс орынлары улыўма муғдарының кеминде 25 пайызы ушын, 2018-жылдың 10-апрелинен кешикпей жумыс орынларының қалған бөлеги 75 пайызын қураў (ажыратыў яки бәнт етип қойыў) ҳаққындағы, яғный ҳәр бир квота тайпасы бойынша жумыс орынлары бәнт етип қойылатуғын кәсиплер ҳәм лаўазымлар, қәнийгеликлер кесиминдеги мағлыўматларды ҳәм шешим бойынша шығарылған буйрық нусқаларын районлық бәнтликке көмеклесиў орайына усыныў ўазыйпалары жүклетилсин.

4. Кәрхана, шөлкем ҳәм мәкемелер басшылары социаллық қорғаўға мүтәж ҳәм жумыс табыўда қыйналып атырған шахслар ушын жумыс орынларының көрсетип өтилген муғдарын Өзбекистан Республикасы Министрлер Кабинетиниң 2008-жыл 20-августтағы 186-санлы қарары менен тастыйықланған “Социаллық қорғаўға мүтәж ҳәм жумыс табыўда қыйналып атырған шахсларды жумысқа орналастырыў ушын жумыс орынларын бәнт етип қойыў тәртиби ҳаққындағы Реже”ге муўапық белгиленген мүддетлерде ҳәм тәртипте жаратылыўын (ажыратылыўын яки бәнт етип қойылыўын) ҳәмде жумыс орынлары санитариялық гигиена нормаларына ҳәм жумысшы өз миннетлерин биймәлел орынлаўын тәмийинлейтуғын мийнет шәраятларына муўапық болыўын тәмийинлесин.

5. Усы шешим тапсырмалары орынланбаған жағдайда мәкеменің лаўазымлы шахсларына “Социаллық қорғаўға мүтәж ҳәм жумыс табыўда қыйналып атырған шахсларды жумысқа орналастырыў ушын жумыс орынларын бәнт етип қойыў тәртиби ҳаққындағы Реже”ниң 15-бәнтине муўапық жәрийма салынады.

6. Өзбекистан Республикасы Министрлер Кабинетиниң 2008-жыл 20-августтағы 186-санлы қарары менен тастыйықланған “Социаллық қорғаўға мүтәж ҳәм жумыс табыўда қыйналып атырған шахсларды жумысқа орналастырыў ушын жумыс орынларын бәнт етип қойыў ҳаққындағы Реже”ге тийкар социаллық қорғаўға мүтәж ҳәм жумыс табыўда қыйналып атырған шахслар ушын бәнт етип қойылатуғын жумыс орынларын район ҳәкими тәрепинен белгиленген муғдардан артықша шөлкемлестирген шөлкемлер усы жумыс орынларын шөлкемлестириўге сарыпланған қаржылардың бир бөлегин районлық бәнтликке көмеклесиў орайы менен дүзилген шәртнама тийкарында бәнтликке көмеклесиў орайы қоры қаржылары есабынан қаплаў ҳуқықына ийе екенликлери есапқа алынсын.

7. Қараөзек районы ҳәкиминиң 2016-жыл 26-сентябрьдеги “2017-жыл социаллық жақтан қорғаўға мүтәж ҳәм жумыс табыўда қыйналып атырған пуқараларды жумысқа орналастырыў ушын (квота) жумыс орынларын бәнт қылып қойыў ҳаққында»ғы 1125/9-санлы шешими («Мийнет байрағы» газетасы, 2016-жыл 1-октябрь 19(4169)-саны) 2017-жыл 31-декабрьден өз күшин жойытқан деп есаплансын.

8. Усы шешимди район ҳәкимлигиниң веб сайтына жайластырыў ҳәм «Мийнет байрағы» газетасында жәриялаў район ҳәкимлигиниң юрист мәсләҳәтшиси И.Даулетмуратовқа жүкленсин.

9. Усы шешимниң орынланыўын қадағалаў район ҳәкиминиң орынбасары Б.Илясовқа жүкленсин.

9. Бул шешим рәсмий жәрияланған күннен баслап күшке киреди.

Ҳәким: **Д.Утемуратов**

Қараөзек районы хәкиминиң
2017-жыл “9”-ноябрь күнги
№836/11-санлы шешимине
1-қосымша

Социаллық қорғаўға мүтәж ҳәм жумыс табыўда қыйналып атырған шахсларды жумысқа орналастырыў ушын жумыс орынларын 2018-жыл ушын бәнт етип қойыў лазым болған кәрханалар дизими

№	Район аймағындағы кәрханалар аты	Улыўма ислеўшилер саны	Квота бойынша 7%	Категориялары*									
				А	Б	В	Г	Д	Е	Ж	З	И	Й
1	Районлық мәмлекетлик санитария-эпидемиологиялық бақлаў орайы	45	3		1	1							1
2	Жол оңлаў,кесип алыў ҳәм оңлаў пайдаланыў мәмлекетлик кәрханасы	38	3		1		1		1				
3	Агрохимияҳимоя АЖ Қараөзек филиалы	40	3		1	1			1				
4	Районлық маденият ислери бөлими	30	2		1	1							
5	Районлық тоғай хожалығы	51	4	1	1			1				1	
6	Қараөзек МТП ЖШЖ	29	2				1		1				
7	Районлық қуўаныш жарма ирригация тармақлары басқармасы	44	3	1		1	1						
8	Районлық абаданластырыў басқармасы	42	3		1				1			1	
9	Районлық медицина бирлеспеси	235	16	1	4	7	1	1			1		1
10	Аўыл хожалығы кәсип-өнер колледжи	32	2		1	1							
11	Экономика ҳәм турмыс хызмети кәсип-өнер колледжи	43	3		1	2							
12	Балалар-өспиримлер спорт мектеби	33	2			1	1						
13	Жийен жыраў атындағы балалар көркем өнер мектеби	37	3		1	2							
14	2 санлы мектеп	38	3		1	1				1			
15	4 санлы мектеп	32	2		1	1							
16	5 санлы мектеп,	26	2		1	1							
17	8 санлы мектеп	32	2		1	1							
18	11 санлы мектеп	30	2		1	1							
19	21 санлы мектеп	32	2		1	1							
20	25 санлы мектеп	32	2		1	1							
21	26 санлы мектеп	42	3		1	1				1			

	Жәми	**963**	**67**	**3**	**21**	**25**	**5**	**2**	**4**	**2**	**1**	**2**	**2**

***Түсиндириў:**

А – Майыплар ушын;

Б - 14-жасқа толмаған балалары, майып балалары бар жеке баслы ата-ана және көп балалы ата-аналар;

В - Билимлендириў мәкемелерин тамамлап атырған жаслар ушын;

Г - Мүддетли әскерий хызметтен босатылғанлар ушын;

Д - Районлык бәнтликке көмеклесиў орайында жумыс излеўши сыпатында есапта турған пенсия жасына жақынласып қалған шахслар ушын;

Е - Жазаны орынлаў мәкемелеринен азат етилген, жазаны өтеп атырған яки суд карарына көре медициналық характердеги мәжбүрий иләжлар көрилген шахслар ушын;

Ж - Сапарбарлық захирага киритилген пуқаралар;

З- Киши жаста баласы бар болған ислемей отырған аналар

И- Адам саўдасынан жәбирленгенлер;

Й- Социаллық әҳмийетли кеселликлер менен аўырып атырғанлар;

Қараөзек районы ҳәкиминиң
2017-жыл “9”-ноябрь күнги
836/11- санлы шешимине
2-қосымша

Социаллық қорғаўға мүтәж ҳәм жумыс табыўда қыйналып атырған шахсларды жумыска орналастырыў ушын жумыс орынларын 2018-жыл ушын бәнт етип қойыў ҳәм оларды жумыс пенен тәмийинлеўди шөлкемлестириў бойынша арнаўлы комиссия курамы

1.	Б.Ильясов	-	Район ҳәкиминиң орынбасары, комиссия баслығы
2.	Б.Бекмуратов	-	Районлық Бәнтликке көмеклесиў орайының директоры ў.ў.а, комиссия хаткери
3.	Қ.Хожалепесов	-	Районлық экономика бөлими баслығы, комиссия ағзасы
4.	Г.Қудайбергенов	-	Өзбекистан жаслар аўқамы Қараөзек районлық Кеңеси баслығы
5.	М.Гулимбетов	-	Пуқаралардың өзин өзи басқарыў уйымлары жумысларын муўапықластырыў бойынша Қараөзек районлық Кеңеси баслығының биринши орынбасары, комиссия ағзасы

Еслетпе: Комиссия ағзаларының лаўазымы өзгерген жағдайда оның орнына жаңа лаўазымға тайынланған ямаса ўазыйпасын атқарыў жүклетилген шахслар киритиледи.